

Gid Pibliye: Nou ap ede Ajans DHS soutni yo Bay Moun ak Konesans Angle Limite yo Bon Jan Aksè



Se ak anpil plezi mwen ap anonse ke DHS te voye yon nouvo Gid pou Benefisyè asistans finansyè DHS yo - ajans ki resevwa lajan nan men DHS, pa egzanp - pou yo pibliye li nan Rejis Federal la. Objektif Gid la se pou ede ajans ki fè aktivite ke DHS soutni yo konprann ak mete obligasyon yo sou Tit VI nan Lwa Dwa Sivil 1964 la an aplikasyon kote yo founi bon jan aksè pou moun ak konesans angle limite (LEP).

Tit VI ak Lwa li yo entèdi benefisyè ki resevwa asistans federal finansyè yo dirije pwogram yo yon fason kote li kapab fè diskriminasyon kont moun akòz de ras, koulè ak orijin nasyonal yo. Depi lontan entèpretasyon lwa a ak règ li yo mande pou pran etap rezonab pou ofri asistans langaj etranje si li nesèsè pou bay moun LEP yo bon jan aksè. Egzijans sa a egziste depi plizyè ane - men pou ede plizyè mil ajans ak òganizasyon ki resevwa soutyen finansyè nan men DHS yo konfòme ak li, DHS te redije yon Gid ke yo pral pibliye nan Rejis Federal la kounye a, <http://www.gpoaccess.gov/fr/>. Nou ap byen kontan tande kòmantè ou nan 30 jou k ap vini yo, nan sistèm <http://regulations.gov> nan, epi apre sa nou pral finalize Gid la.

DHS founi asistans bay ajans ak òganizasyon ki asosye ak nou pou ekzekite misyon sekirite nasyonal enpòtan nou an - anpeche teworis ak amelyore sekirite; pwoteje ak jere fontyè nou yo; mete lwa imigrasyon nou yo an aplikasyon ak jere yo; pwoteje entènèt la; asire andirans kont dezaz. Li enpòtan pou sekirite nasyonal ke pwogram ak sèvis sa yo ofri aksesib pou tout moun yo travay ak yo, kit moun sa yo pale angle ou pa. Se sak fè, benefisyè soutyen finansyè DHS yo dwe pran etap rezonab pou asire ke moun LEP yo jwenn bon jan aksè ak pwogram avèk aktivite yo.

Egzijans sa a kouvri, pa egzanp, benefisyè lajan tankou ajans jesyon ijans lokal ak eta yo, departman ponpye ak lapolis, ak lòt departman gouvènmantral oubyen non-gouvènmantral ki resevwa soutyen. Kote ki resevwa anpil asistans tankou fòmasyon ak ekipman òdinatè kouvri tou. (Plizyè nan kote sa yo, kit se departman gouvènmantral lokal ak eta oubyen òganizasyon non-gouvènmantral, genyen kouvèti egzijans LEP konsa tout akòz de lòt asistans federal finansyè yo resevwa nan men lòt ajans.) Gid DHS la sanble anpil ak gid lòt ajans te pibliye, kòmansè ak Departman Jistis la an 2002.

Jan nou eksplike nan Gid LEP an, lè y ap detèmine kilè ak ki jan pou bay sèvis langaj tankou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon, premye etap pou yon kote ki kouvri se fè yon evalyasyon pèsonalize ki egzamine kat faktè sa yo:

1. Kantite ak pwopòsyon moun LEP ki elijib yo bay sèvis oubyen genyen chans kontre;
2. konbyen fwa yo kontre moun ki LEP yo;
3. nati ak enpòtans pwogram, aktivite, ak sèvis ki ofri yo; ak
4. resous ki disponib pou benefisyè a ak kantite lajan l ap koute pou bay sèvis la.

Tès kat pati sa a, ki te site premyèman nan Gid LEP Depatman Jistis la, site kritè DHS pral itilize nan evalyasyon konfòmite benefisyè yo ak Tit VI.

Tan pou tann pou genyen pwoblèm, Biwo DHS pou Dwa Sivil ak Libète Sivil la kapab ofri asistans teknik sou aksè ak langaj pou benefisyè DHS soutni yo. Gade pi ba a pou enfòmasyon kontak konplè.

Mwen kontan ap travay ak Pati DHS yo ak ajans ak kote yo soutni ak asistans finansyè yo - epi ak endividi ak kominote yo ki benefisye de pwogram yo - pou reyalize obligasyon ki se pou bay bonjan aksè ak aktivite ki resevwa soutyen federal yo bay moun ak konesans angle limite.

An menm tan, mwen pral travay atravè DHS pou amelyore aksè ak langaj nan pwòp pwogram depatman an, epi depatman an pral kontinye soutni ak finansye pwogram pou nouvo imigran ak lòt moun aprann angle.

Margo Schlanger
Ofisye pou Dwa Sivil ak Libète Sivil

Kontakte CRCL:

Imèl: crcl@dhs.gov

Telefòn: Lokal: 202-401-1474, Apèl Gratis: 1-866-644-8360
TTY Lokal: 202-401-0470, Apèl Gratis TTY: 1-866-644-8361

Adrès Postal: Department of Homeland Security
Office for Civil Rights and Civil Liberties
245 Murray Lane, SW
Building 410, Mail Stop #190
Washington, DC 20528